*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЪУДУЛЛЪИ

№ 92
(9445)

2012 соналъул
*7 декабрь*

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ПРЕЗИДЕНТ-НИЛЪЕР РАЙОНАЛДА



***Щибаб къоялъ гуро магIарул росулъе Россиялъул яги Дагъисталъул Президент щолев ва щивасда гуро бичIчIунеб гьелъул кIварги кIодолъиги .***

***МугIрузда шагьарилан жинда цIар лъураб нилъер Болъихъе абуни,дагьал гуро щварал чIахIиял хIакимзабиги хIурматияль гьалбалги.ХIатта улкаялъул бетIер Путинцин рещтIун вукIана гьалбал хирияб нилъер ракьалда.***

***Дагъистаналъул бетIер районалде вачIиналъул хабар халалъана исана.БатIи-батIиял гIиллабазе гIоло сапар нахъ бахъана декабралде щвезегIан.***

***Гьале гьаб талат къоялъ ахир-къадги Президентасул сапар гIумруялде бахъана.МухIамадсалам МухIамадовасда цадахъ гIемерал чиновникал-батIи-батIиял идарабазул нухмалъулел, министрал,депутатал. мугIрузул районазул киналго бутIрул,прокурорал рещтIана Болъихъ.***

***Гьеб кинабго гIаламалда бер кIутIидал ,нилъерго районалъул бетIер М.ПатхIулаевасда «гурхIизецин»бачIана.Амма маркIачIуде гIадин ахирисев гьоболас районалъул гIорхъи бахарабго,ракIги бохана:тIоцебесеб ургаялда районалъул бетIерасда ва хадуб тIолабго активалда,балхъадерил халкъалда кIвана ургадулаб нухалдаги нилъерго гьумерги, гьунарги,бокьараб даражаялъул гьобол-гьудул къабул гьавизе буге бажариги бихьизабизе.***

***Терроризмалде данде къеркьеялъул комиссиялда Президентас гьабураб кьварараб кIалъайги, гьайбатаб «Эверест «ресторагалдаса рагIулеб машгьурай кочIохъан Хадижат Жамалудиновалъул сверухълъиго кодобе босараб гьаракьги,АнсалтIа садик ва Болъихъ спортзкомплекс рагьулаго рази-ракиго хIакимзабаз къотIарал лентабиги, райцентралдаги микрорайоналдаги букIараб ракI бахилаб чIурканлъиги- палхIасил ишалъулаб хIалалда ,берцинго ва рохалида ана гьеб къо районалда.***

*(Ахир 2-3 гьум.)*

# ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ПРЕЗИДЕНТ-

*(Байбихьи 1-гьум.)*

Кинабго байбихьана гьалбал къабул гьарулеб-Кьохъ посталда-




са.Гьениб кьола нилъеца нилъер ракьалде хIетIе чIолев бокьарав гьоболасе чед-цIам,гьениб бахъула культураялъул хIалтIухъабаз гьалбал кIодо гьарун берцинаб кьурдул свери.

Талат къоялъги гьедин ккана.

Хадур гьалбал рещтIана ансадерил ракьалда.

ГIажаибго берцинаб лъмалазе киналго шартIал жаниб гIуцIараб цIияб садикалъ асар гьабуна тIолазего.

Жиндирго разилъи загьир гьа-



буна Дагъистаналъул Президентасги-садикалдаса гуребги, ансадерил захIмат хирияб халкъалдасаги.

Росдал гIадамазги районалъул бетIерасги ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна гьеб кIвар бугеб объект къокъал болжалазда бан кьурал строителазеги,гIарцулал сурсатал риччарал республикаялъул нухмалъулезеги.

Хадуб рохалилаб ахIвал-хIалалда рагьана цоги объект-Болъихъ росдал спортзал.,гIун бачIунеб гIелалъе жакъа къоялъ бищунго хIажатаб,гьезие лъикIаб тарбия кьеялъе чара гьечIеб бакI.

Президентасги ДРялъул Сахлъи цIуниялъул министр И.Мамаевасги ва тIадегIанал гьалбадерицаги ,гьединго,сапар бухьана райбольницаялде,халшал гьабуна гьениб бугеб ахIвал-хIалалъул.

Ахиралда районалъул Культураялъул рукъалъул берцинго къачIараб залалда тIобитIана терроризмалде данде къеркьеялъул комиссиялъул гIатIидаб данделъи.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна живго Президентас,премьер-министр М.ГIабдулаевас, ХIинкъи гьечIолъиялъул Советалъул секретарь Россиялъул БахIарчи М.БагIачиловас, МВДялъул бетIер ГI-Р. МухIамадовас,республикаялъул прокурор Назаровас,районазул прокурораз, районазул бутIруз,диниял гIалимзабаз,школазул директорзабаз ва гIемерал цогидазги.

Данделъи бачана ва байбихьуда цеберагIиялъулаб кIалъай гьабуна Дагъистаналъул Президент М.МухIамадовас.

-Терроризмалде данде къеркьеялъул комиссиялъул хIалтIуде байбихьилелде дие бокьун буго,-ян абуна гьес,-Болъихъ районалъул хIакъалъулъ дирго пикру загьир гьабизе.-Ниж щвана чанго росулъе,рагьана АнсалтIа лъималазул ясли-ах,Болъихъ- спортивияб комплекс.Ккана гIадамазулгун хабар-кIал,лъана гIаммаб ахIвал-хIал. Халкъалъул жакъа лъикIаб пикру буго районалъул росабалъ ралел социалиял бакIаздехун ва гьелъухъ баркалаги загьир гьабулеб буго.Халкъалъе хъулухъ гьаби,гьел разияб хIалалда тIадал ишал тIурай-гьеб буго аслияб жо,гьелъие гIоло хIалтIизеги ккола щивав чиновник.

Жакъа нилъеца бицен гьабизе бугеб,нилъер цебетIеялъе кIудияб квалквал-квекIен гьабулеб экстремизм, терроризм гIадаб унти тIагIинабиялъе квербакъизе буго лъикIаб,ракIбацIцIадаб хIалтIуца,гIолилазе хIалтIуе,рукIа-рахъиналъе ва эр-



кенаб заманалда хIухьбахъиялъе санагIатал шартIал гIуцIиялъ.

Цоцо ричIчIуларел гIиллабазе гIоло къеркьеялде лъугьине,рохьове ине къасдазда вугев чиясул рекIелъе нух балагьизе,гьесулгун бичIчIикьеялъулаб хIалтIи гьабизе ккола нилъеца.Экономикаялъул даража борхизабиялъ,социалияб рахъалъ чи цIуниялъ рес кьезе буго гIолилал гъачагъазде гьоркьоре риччангутIиялъе.Гьай-гьай гьеб рахъалъ кIудияб хIалтIи



тIаде ккола гIадамазул ихтиярал цIунулел органаздеги.Гьеб киналъулго жакъа нилъеца бицен гьабила.

Заседание гьаниб тIобитIиялъе гIемерал гIиллаби руго.Цо бугони,Болъихъ район ккола мугIрузул районазда гьоркьоб бищунго чIахIияб.КIиабилеб ва бищунго аслияб гIилла-нилъер цIияб историялда меседил хIарпаз жиндирго цIар хъвана Болъихъ районалъ.Халкъазда гьоркьосел гъачагъал тIаде кIанцIараб I999 соналда балъхъадерица гIицIго районалъул ва республикаялъул цIарги цолъиги цIуничIо,гьез тIолабго Россиялъул цIарги цолъиги цIунана.Гьелъул хIакъалъулъ цо нухалъ гуро жиндирго кIалъаязда улкаялъул Президент Владимир Владимирович Путиницаги бицен гьабураб.

Доб бахIарчилъиялъе, къвакIиялъе, къо хIехьеялъе ва патриотизмалъе ритIухъаллъун рукIине ккола жакъа нилъги. Амма,кигIанго бокьичIониги,нилъеца цоцо мехалда тамахлъи ,ургъел гьечIолъи биччалеб буго щибго пикру- гьунар гьечIел,чIорогоял гIадамаздехун.Жидерго идеология билълъанхъизабизе къасд гьабулел къукъабазде данде цадахъаб, цокIалаб къеркьей гьабизе ккола киназго.

# НИЛЪЕР РАЙОНАЛДА

Цадахъаб кьеркьей гьабуни,гьел гIисинал кьокъаби гьединаллъун хутIизеги руго.Гьезие кIиго нух буго:яги гIадамазда гьоркьореги рачIун берцинаб гIумру гьабизе,яги гьел тIагIинаризе руго ялъуни законалда рекъон тамихIалде цIазе руго.

Къокъго абуни, Дагъистан цебетIезабизе,гьелъул экономикиябгун социалияб гуч щула гьабизе нилъер кIудиял ресалги,гьел гIумруялде рахъинаризе гIемерал планалги руго.Гьел суалазулъ улкаялъул нухмалъулезги нилъер рахъ кколеб буго.

Хадуб Президентас къокъаб



куцалда тIадчIей гьабуна республикаялда бугеб ахIвал-хIалалда. Заседаниялда гIахьаллъи гьабулеб I7 районалда гьоркьоса лъабго районалда хIалуцараб ахIвал-хIал букIин бихьизабуна М.МухIамадовас.Гьел ккола Унсоколо,ЦIумада ва ЦIунтIа районал.Мисалалъе,II моцIалъ рехсарал районазда гьабун буго террористияб хасият бугеб 24 такъсир.Хун ва лъукъун вуго 34 чи.Аслияб къагIидаялда - орга-



назул хIалтIухъаби.ХутIараб I4 районалде данде ккун 5 нухалъ цIиккIараб такъсирчилъи биччан буго рехсараб лъабго районалда.

Хасго квешаб хIал бугила ЦIунтIа районалда.Дагьабго хиси кколеб бугила ЦIумада районалда, амма гьеб районалдса чагIаз такъсирият ишал гьарулел ругила Гъизляр алда,Гъизилюрталда,Хасавюртал да ва цогидалги бакIазда.Гьеб суалалде кIвар буссинабизе кколила районалъул нухмалъулез.

Унсокологи дагьаб мадараб хIал бугилан бихьизабуна Президентас,амма гьеб районалдаса гIадамал ругила гIемерал бакIазда террористиял ишазда ва гъачагъазда гьоркьор.Рехсана Шамилхъалаялда букIараб кьвагьиялъул, гендерица нухал къаялъул ва хъачIаб куцалда лъазабуна хадурккун нухал къани,кьварараб тамихI гьабизе бугилан.

-Нижеца гьеб нух гендерие гуро гьабураб,гьеб буго тIолалго дагъистаниязул нух.Щай гьез жидерго хасал мурадал тIуразе кколел цогидал районазул гIадамазе къварилъиги гьабун?Гьеб я диннияб,я гIаданлъиялъулаб,я законнияб рахъалъ данде кколеб жо гуро,-ян абуна МухIамадовас.-ГIела гендерилгун махсараби. Гьез Дагъистан улкаялдаго сурибзабулеб буго.

Хадуб Президентас бицана Унсоколо районалда балъгого гьабураб анкетированиялъул хIасилазул.

-Гьелда гьикъулеб букIана гIолилаз жидерго суалал тIураялъулъ лъида мугъчIвалеб




бугебали-власталдайищ яги рохьилаздайищ.Жаваб щванаа ракIчIараб-90 проценталъ абулеб бугоан власталда мугъчIвалеб бугилан.ГIицIго 7 процент гIолилазул хьул бугоан рохьилазде,-ян лъугIизабуна МухIамадовас жиндирго кIалъай.

Президентас рагIи кьуна ДРялъул ХIинкъи гьечIолъиялъул Советалъул секретарь МухIамад БагIачиловасе.

Гъваридаб анализ гьабураб кIалъай букIана гьесул.



Бищунго нилъ рохизе кколеб жо- Болъихъ районалда терроризмалдегун экстремизмалде данде гьабулеб хIалтIи совбезалъул секретарас бищунго лъикIаблъун ва цогидазги мисал босизе мустахIикъаблъун рикIкIана.

Районалда бугеб ахIвал-хIал гIатIидго рагьараб кIалъай гьабуна нилъер районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас.**(Гьеб нижеца хадусеб номералда кьезе буго).**

Заседаниялда кIалъазе рахъана ,гьединго,республикаялъул прокурор В.Назаров,МВДялъул нухмалъулев Г1.МухIамадов, Болъихъ росдал имам ГIумар Азаев.

Хасго бокьана дандельаразе Муниса динияв гIалим Бадрудин-хIажил пасихIаб,гъваридаб,гьурмахъги чинахъги балагьичIого жакъасеб къоялъе битIараб кьимат кьураб кIалъай. **(Гьебги тIубан нижеца хадусеб номералда кьела).**

Ахиралда хIасилалъулаб кIалъай гьабуна ДРялъул Президент М.МухIмадовас.Гьес тIадегIанаб кьимат кьуна хIалтIуе лъикIал шартIал гIуцIарав районалъул бетIер М.ПатхIулаевасеги гьалбадерида ракI-ракIалъулаб дандчIвай гьабурал балъхъадериеги.

«Эвересталдаса» хадуб, жеги щулалъун гурони,хисун батиларин тана дицаго тIадегIанал гьалбадерил нилъедехун букIараб лъикIаб пикру.

Культурияб программа гIуцIарав культуправлениялъул начальник МухIамад ГIумаров ва гьесул тIолабго коллективги кIочене бегьиларо нилъеда.

Хасаб баркала кьезе бегьила районалда тIобитIулеб бокьараб тадбир нухда бахъине кIолеб рестораналъул коллективалъеги.

**ГIУМАХАН ГIАНДИЙСКИЙ**

ГЬУДУЛЛЪИ

*Газета гIуцIарал:*

*Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

***Учредители:***

Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

**БетIерав редактор**

**Г. ГIумаханов**

***Редакторасул заместитель***
**А. Агъларов**

***Жавабияй секретарь***
**П. Чупалаева**

***Отделалъул редактор***
**Ш. Лабазанов**

***Мухбир***
**П. Дибирова**

***Фотокорр.***
**Ш.МуртазагIалиев**

***Корректор***
**С. ИзмагIилова**

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Верстальщица**
**А. Назирбекова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*
*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.*
*Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.*

*Тираж 2500*

*Наш эл. адрес druzhba555@mail.ru*

# САГИТОВАСУЛ ПРИЗАЛЪЕ ГIОЛО ТУРНИР ТIОБИТIАНА

ТIоцебесеб декабралда ДЮСШялъул спортзалалда жаниб тIобитIана Сагитов Расул Юсуповичасул призалъе гIоло волейболалъул турнир.

Исана тIоцебе тIобитIулеб гьеб турниралда гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул Кьохъ, Муни, РахатIа, Зило росабазул ва ветераназулги РОВДялъулги командабаз.

Турнир рагьиялъулъ гIахьаллъизе рачIун рукIана Расулил вас ГIабдула Сагитов ва гIемераб гIагарлъи. Турниралъул авалалдаго, гьелъул тартиб бачунев, районалъул спорткомитеталъул нухмалъулев Темирхан Дибировас рагIи кьуна ГIабдула Сагитовасе.

-ТIоцебесеб иргаялда дие бокьун буго кIудияб баркала загьир гьабизе нижер ахIиги къабул гьабун, заманги ресги батун гьанире рачIарал киналго командабазе, гьезул тренеразе ва киналго болельщиказе. Цоги ракI-ракIалъулаб баркала буго гьаб тадбир гьабизе тIаде босарал районалъул спорткомитеталъул ва ДЮСШялъул хIалтIухъабазе. Ниж, киналго гьесул ирсилал, гIагарлъи ва зилдерил жамагIат чIухIарал ва рохарал руго гьев нижер мунагьал чураяв инсул районалъ гьабулеб къадру-къиматалдаса. Баркала киназего. ..

Расулица районалъе нухмалъи гьабуна 1961



соналдаса 1971 соналде щвезегIан. Жиндирго гIумруялда жаниб, хасго гьеб анцIабго соналъ Расулица гIадамазеги, районалъеги гьарурал лъикIал ишазулги, гьесул гIамал-хасияталъулги, гIаданлъиялъулги бицана кIалъазе рахъаразги.



Байбихьана къецал. Районалда волейболалъул къецал, аслияб къагIидаялда, байбихьула хаслихъе ва маялда тIоритIула тIарамагъадисел.

Сагитовасул турнир исана ккана тIоцебесеблъун. Командабазул хIаялъулъги бихьулеб бук1ана гьеб.

РачIун рукIинчIо цо-цо командабазул лъикIа-лъикIал волейболистал, г1ахьаллъич1о,гьединго, киналго къецазуль гIахьаллъулел, АнсалтIа, КIижани, Гъодобери, ГIортIаколо росабазул командаби.

Бугониги, турнир, хасго гьелъул финалиял хIаял рукIана кутакалда хIалуцарал, балагьаразе лъикIаб асар гьабурал. ЛъикIаб команда гIуцIун бугоан зилдерица, амма волейболистазда цоцазул хIай биччIунгутIиялъ призалъулаб бакIалде гьел рач1инчIо.Гьебго гIиллаялдалъун къанилан абизе бегьула ,лъабабилеб бакIалъе гIоло хIалеб, мундерил командаги. РОВДялъул командаялъе бергьенлъи кьуна гьез.

Турниралъул тIоцересел хIаяздасаго бичIчIулеб букIана финалалда кьахъдерил ва ветераназул командаби дандчIвалебльи. Гьеб гьедин ккезеги ккана. Гьел цоцазул хIалги хIайги лъалел командаби тIоцебесеб нух гуро финалалда дандч1валел. Ц1иккIарасеб бергьенлъи букIунаан кьахъдерихъ, амма гьаб нухалъ турниралъул кубок босана ветераназ.

Бергьарал командабазе кьуна жиб-жиб даражаялъул медалал ва гIарцулал сайгъатал. Гьединго гIарцулал сайгъатал кьуна киналго гIахьаллъарал командабазул лъикIаллъун рик1кIарав 10 волейболистасеги.

Турниралъул ахиралдаги Расулил вас ГIабдулаца цоги нухалъ баркала кьуна киназего ва хадусеб соналъги турнир гьабизе рак1алда бугилан бицана.

**А.АГЪЛАРОВ**

# ПРОКУРАТУРА РАЗЪЯСНЯЕТ

**Установлен запрет на расторжение трудового договора по инициативе работодателя, в том числе с отцами, являющимися единственными кормильцами в многодетной семье, воспитывающей малолетних детей, если матери указанных детей не состоят в трудовых отношениях и занимаются уходом за детьми**

Федеральным законом от 12.11.2012 № 188-ФЗ

«О внесении изменений в статью 261 Трудового кодекса Российской Федерации», вступающим в действие 24.11.2012, установлен запрет на расторжение трудового договора по инициативе работодателя, в том числе с отцами и иными лицами, являющимися единственными кормильцами детей-инвалидов и многодетных семей, воспитывающие малолетних детей, если матери указанных детей не состоят в трудовых отношениях и занимаются уходом за детьми.

Ранее Постановлением Конституционного Суда Российской Федерации от 15.12.2011 № 28-П положение ч. 4 ст. 261 Трудового кодекса Российской Федерации, в соответствии с которым гарантия в виде запрета расторжения по инициативе работодателя трудового договора, предоставляется женщинам, имеющим детей в возрасте до 3 лет, и другим лицам, воспитывающим детей того же возраста без матери, признано не соответствующим Конституции РФ в той мере, в какой оно, запрещая увольнение по инициативе работодателя указанных женщин и других лиц, воспитывающих детей до 3 лет, исключает возможность пользоваться этой гарантией отцу, являющемуся единственным кормильцем в многодетной семье, воспитывающей малолетних детей, в том числе ребенка до 3 лет, где мать в трудовых отношениях не состоит и занимается уходом за детьми.

Внесенными в Трудовой кодекс изменениями, федеральный законодатель привел правовое регулирование трудовых отношений в соответствие с данным Постановлением.

При этом за работодателем осталось право на увольнение работников, имеющих детей, в связи с ликвидацией организации, прекращением деятельности индивидуальным предпринимателем или совершением работником виновных действий.

***Д. ДЖАБРАИЛОВ, зам. прокурора района***